

# ANALISIS NGALARAPKEUN MÉDIA PEMBELAJARAN AUDIO VISUAL KANA MOTIVASI DIAJAR MURID SAKOLA DASAR.

(Panalungtikan Studi Sastra)

Ku:

**DINA NUR FITRIANTI**

**175060028**

## ABSTRAK

*Anu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan nya éta aya masalah di lapangan ngeunaan rendahna motivasi diajar siswa. Hal ieu lantaran guru henteu ngamotivasi siswa nalika ngalaksanakeun kagiatan diajar. Aya sababaraha faktor anu ngabalukarkeun motivasi diajar rendah, nya éta guru ngajar masih ngagunakeun métode ceramah, ogé kurangna kréativitas guru sarta ahirna siswa hésé maham kana matéri anu geus ditepikeun ku guru. Pikeun pangajaran anu éféktif, diperlukeun média pangajaran audio-visual. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis média pangajaran audio-visual ngeunaan motivasi diajar siswa. Métode ieu panalungtikan nya éta deskriptif analisis kualitatif kalawan téhnik studi pustaka. Data dianalisis dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik komparatif, interpretatif, deduktif, jeung induktif. Hasil analisis dimeunangkeun yén média pangajaran audio-visual nya éta ngagunakeun unsur dédégéan jeung paningal dina nepikeun pesen atawa informasi. Larapna média pangajaran audio-visual dina prosés kagiatan diajar bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa ditingali tina akumulasi data pangajaran saméméhna kalawan ngaronjat panghandapna 65,04%, pangluhurna 83% kalawan rata-rata ngaronjatna 17,96 % tina motivasi. Ku kituna, aya hubungan antara larapna média pangajaran audio-visual jeung motivasi diajar siswa. Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén larapna média audio-visual bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa.*

**Kécap Pamageuh:** *Média Audio Visual, Motivasi Diajar*